

# Harapan dan Wabah

SAAT kesulitan-kesulitan memluk manusia, ia hanya punya dua kemungkinan meyerah atau memupuk harapan. Dunia seperti sedang perang, perang melawan musuh tak kasat mata. Ia adalah keangkuhan, kesombongan, ketidakpedulian, dan keserakahan kita.

Saat bencana hadir, seringkali kita menunjuk pada Tuhan, bukan kepada diri kita sendiri. Ada semacam usaha penolakan, ketidakmampuan untuk menjadi kesatria. Kita sering tidak jujur dan cuci tangan dengan apa yang kita perbuat.

Situasi seperti sekarang ini mirip dengan puisi yang ditulis oleh penyair Widji Thukul : *tak pernah selesai pertarungan menjadi manusia / tak pernah terurai pertarungan menjadi rahasia / adalah buku latar arti tipis segara habis / diburu kubur-kubur waktu* (Autobiografi). Saat bekerja di rumah sudah tidak lagi menghasilkan, sementara di luar sana, bahaya mengancam. Kita memilih untuk menjadikan kematian menjadi karib. Kita menjadi pengikut Chairil dalam hal ini yang berteriak : *Biar peluru menembus kulitku / Aku tetap meradang menerjang / Luka dan bisa kubawa lari / berlari / hingga hilang pedih peri*. Hidup pun seperti om-

bak bagi pe-laut yang ha-rus dihadapi dengan gagah berani, itulah situasi kita hari-hari ini.

Y.B. Mangunwijaya pernah menulis dalam bukunya *Sastran Religiositas* (1982) tentang makna harapan. "Sikap manusia yang kendati-pun tahu akan dipukul terus-menerus, namun toh goes on fighting, pada hakikatnya adalah sikap religius. Sebab itu menandakan ia punya harapan, dia melihat pijar cahaya akhir, yang walaupun jauh membuatnya bertekad untuk hidup terus dan merebut kehidupan. Dan harapan itu akhirnya hanya dapat disendikan pada dasar kepercayaan, bahwa benar-benar ada suatu Kebenaran Terakhir, suatu Keadilan Terakhir."

Apa yang menimpa dunia dan negeri kita saat ini seolah membuat kita putus harapan. Mata pencarian semakin sulit, sementara kebutuhan dan tuntutan hidup terus meronta. Orang-orang pun terpaksa harus menjual apa yang mereka punya untuk memenuhi kebutuhan hidup. Agar dapur terus mengepul, maka digadaikan emas dan perhiasan yang mereka punya. Atau menjual raja kaya (ternak) mereka demi mengganjal perut agar tidak

kelaparan. Langkah ini terpaksa mereka tempuh untuk menyelamatkan harapan hidup. Mereka tidak mau mati konyol dan berdiam diri menanti bantuan pemerintah yang tidak kunjung tiba.

Presiden Jokowi melalui laman Instagramnya juga menyuarakan bahwa wabah ini hanya bisa diatasi dengan gotong royong, bekerja sama dan bergandengan tangan. Tanpa kerja sama dan gotong royong, maka akan sulit sekali wabah ini untuk diberantas.

Kita memang bukanlah bangsa yang lembek dan gampang menyerah. Orang-orang dahulu telah memberikan bukti bahwa kita adalah species *homo sapiens*. Spesies yang tidak gentar menyerah pada alam sebagaimana yang dikisahkan oleh Yuah Novel Harari di bukunya *Sapiens* (2019).

Kita adalah bangsa yang sebagaimana digambarkan oleh Soekarno dalam pidatonya yang "Digembrelleng hancur lebur, bangkit kembali. Digembrelleng hancur lebur bangkit kembali." Sebagai manusia yang menanam falsafah Pancasila dan berkethuanan, tentu kita yakin bahwa Tuhan akan menolong kita. Akan tetapi kita diwajibkan untuk terus menerus melakukan usaha

dan tidak putus asa.

Badai pasti berlalu, meski entah sampai kapan kita tidak tahu. Menyandarkan diri pada doa dan kekuatan serta mencegah diri kita terjangkit virus adalah bagian dari upaya kita bertahan dari wabah ini. Terus menguatkan imun dengan tanpa menanggalkan iman kita pada realitas bahwa wabah ini adalah nyata juga penting.

Manusia memiliki kemampuan untuk beradaptasi dengan berbagai keadaan. Pandemi mengajarkan kita bahwa kreativitas adalah senjata ampuh agar kita tidak jatuh terpuruk menghadapi wabah Korona. Bertahan dan waspada adalah upaya yang memungkinkan kita selamat dari wabah.

Di tengah situasi sulit seperti ini, kita memang dituntut untuk terus memupuk harapan, menyemai benih optimisme, sekaligus menggerakkan raga dan pikiran kita agar terus waras. Tidak jatuh dalam pesimisme dan putus asa yang membuat kita menjadi stres dan gila. Bagaimanapun hidup yang berat ini layak kita syukuri. □

\*)Arif Yudistira, Pegiat Sarekat Taman Pustaka Muhammadiyah, Alumnus Universitas Muhammadiyah Surakarta,

Arif Yudistira

Oase

Yosi Wulandari

GADIS ITU MENYAPAMU ANGIN

Gadis itu menyapamu angin  
Bersama pagi yang masih dingin  
Melepas segala yang didekam  
mungkin sejak semalam

Gadis itu menemuimu angin  
Mungkin kau rasakan lirih  
Ia telah bercerita  
menerangkan pelik

Gadis itu menunggumu angin  
Meski hanya untuk semilir  
Seberkas belaianmu

Bantul, 2021

MELUKIS NADA

Dia telah melukis nada  
Bersama rima-rima  
Pada sebuah kanvas rindu  
Dengan tinta pinta

Dia melukis nada  
Merangkai syair agar merdu  
Pada lagu-lagu puisi

Dia melukis nada  
Agar tak hilang jejak irama

Bantul, 2021

RITMIK RINDU

Insan yang memadu rindu itu  
Menatap pada dua bola mata  
Saling menggenggam jemari  
Sederhana tetapi indah

Insan memadu rindu itu  
Mengalunkan simfoni hati  
Memutar segala ritmi lirik  
Hingga bernyanyi harmoni

Rindu insan itu membuat semesta tersenyum

Bantul, 2021

\*)Yosi Wulandari, Dosen PBSI FKIP UAD, Mahasiswa S-3, Program Doktor IIH FIB UGM.

# MEKAR SARI

**S**RENGENGE ngglewang mangulon, kahanan pasar wus ora patiya rame. Mung kari para bakul kang katon isih ingkul nata dagangane. Pasar Klentheng, pasar tradisional sangarep Kalurahan Pocung kang migunakake petung pasaran pancawara ing dina pasarane, Kliwon, Legi, Paing, Pon, Wage. Ramene ing dina pasaran Pon lan Kliwon.

Suta lungguh kursi kayu sangisor wit waru ing plataran Pasar Klentheng. Dheweke mentas wae rampung jajan soto ana warunge Yu Sum pojok pasar sisih dul kulan. Kringete Suta dleweran, raine abang ireng. Topi kluwus, sempitan, lan rompi oranye dicopot, diwenehake ing ndhuwur jok montor. Angin klisis-klisis, nyampluk rai. Suta rengeng-rengeng tetembangan karo ngenteni Jilah sisihane, metu saka njero pasar. Ora watara suwe kang dienteni metu saka regol iring kidul, karo nggendorong tenggok.

"Ayo, Pakne!" celathune Jilah marang guru lakine.

"Ora mangan sotone Yu Sum dhisik?" pitakone Suta sora.

"Ora. Aku mau bar mangan growol, diwenehi growol Mbok Tunem. Wetengku isih krasa wareg," wangslane Jilah.

Suta ngadeg banjur jumangkah nyedhaki Jilah kang wus ana sandhing pit montor. Motor dislah, Jilah munggah jok montor karo mangku tengggok. Sakloron bongcengan alon-alon ninggalake Pasar Klentheng. Sejatiné omahe Suta karo Pasar Klentheng mung cerak, udakara telung atus meter. Suta lan Jilah asring mlaku mblasak liwat kebon tumuju pasar. Mung wae yen nganggo pit montor, kudu ngalang luwih adoh liwat dalam setapak.

Wis meh nem taun Suta dadi tukang parkir ing Pasar Klentheng. Dhisike kang ndha-wuhi dheweke sepisanan dadi tukang parkir yaiku Lurah Noto, wektu anyare dadi lurah Kalurahan Pocung. Suta kang nalika pilihan lurah pance dadi kadhere Den Noto kang peng-pengan. Mula kango males budi marang Suta, Lurah Noto masrahake parkir Pasar Klentheng supaya diurus Suta. Asile lumayan kango nejegake kendhil panguripan saben dinane supaya ora ngglimpang.

Saselane dadi tukang parkir ing Pasar Klentheng, Suta garap sawah tinggalane wong tuwa suwargi, ditanduri pari lan palawija. Dene Jilah bebakulan kuluban, tempe, lan bumbu ing Pasar Klentheng. Tembayatane Suta lan Jilah udakara lumaku sepuluh taun, kaparingan anak lanang siji, jenenge Nanang umur limang taun.

Thuuuut...thuuuut...thuuuuuuut.... swara *nada dering* hape lawas keprungu sora saka ndhuwur meja. Suta kang lagi leyeh-leyeh sawise rampung mangan sore age-age ngranggeh hapene.

"Ta, isa nanggonku saiki?" keprungu swara Wong tilpun.

"Saged, saged, Den Noto," panyaute Suta gitagita bareng ngerti kang nilpun Lurah Noto. Suta njupuk klambi lan sarung, banjur netokake pit montor.

"Aku arep metu sedhela," pamite Suta marang Jilah kang lagi ndulang anake lanang.

"Kula nuwun, Den," ature Suta nalika weruh Lurah Noto wus lungguh ana teras sajak ngenteni tekane.

"Kene...kene...," wangslane Lurah Noto gupuh. Sawise bage-binage keslametan, Suta miwitit pitakon.

"Mboten, Den. Wonten parigawe menapa kula dipuntimbali ndalu-ndalu?"

Lurah Noto unjal ambegan. "Pancen ana

## Nggutuk Lor Kena Kidul

Cerkak: Sumarno



ILUSTRASI JOS

bab wigati kang bakal dakomongake karo kowe. Saking wigatine, dakjaluk kang mangerteni bab iki muk aku karo kowe. Bu Lurah wae ora dakwenehi ngerti," guneme Lurah Noto lirih karo mriplate ngungak cendhela kang isih menga, sapa ngerti weruh glibete Bu Lurah. Lungguhe Suta ngangseg nyedhak.

"Pasar Klentheng obongan!" celathune Lurah Noto gawe kagete Suta.

Suta njondhil krungu ngendikane Lurah Noto, meh wae dhengkule nyampluk lingir meja.

"Pasar Klentheng..."

"Iya, Pasar Klentheng obongan!"

"Lajeng?" Suta tetep durung mudheng.

Lurah Noto bali nyerot ambegan dawa.

"Dakkandhani ya. Wis suwe ana investor kang sedya mbangun Pasar Klentheng. Pasar

Klentheng bakal disulap dadi pasar modheren,

kang bukak saben dina, awan lan bengi ora leren," swarane Lurah Noto kandhog.

"Nanging, tokoh-tokoh warga, kawit Badan

Perwakilan Kalurahan nganti warga, padha ora sarujuk yen Pasar Klentheng dakbangun dadi pasar modheren. Werna-werna alesane. Mula, ora ana cara liya, pasar kudu diobong. Yen wus entek kobong rata karo lemah, sapak arep mepalangi kekarepanku mbangun pasar? Ora ana!"

Suta manthuk-manthuk. Lurah Noto ngadeg bajur mlebu daleme. Ora watara suwe metu maneh karo nggawa buntelan amplop coklat gedhe. Amplop iku diulungake marang Suta.

"Menapa menika, Den?"

"Iki opahmu yen kowe kasil ngobong pasar. Iki dhuwit selawé yuta."

"Selangkung yuta?" Suta nruthuk nampani buntelan amplop coklat. Saumur-umur durung tau nyekel dhuwit semono akehe.

"Welingku, bab iki muk aku karo kowe sik ngerti, bojo lan anakmu rasah dikandhani!" guneme Lurah Noto mantep.

"Nggih, Den."

"Lan kang baku, anggonmu ngobong pasar, aja ana wong kang mangerti. Yen tumindakmu nganti badhar, kang ateges ana wong kang ngonangi, dhuwit iki dakjaluk maneh. Ora mung kuwi, kowe bakal daklapurake menyang aparat. Ukumane ora enthang!" ngendikane Lurah Noto mentheling. Suta manggut-manggut.

Kahanan gagat raina, dina Jemuhu kliwon. Suta kawit sore seingaja ora turu. Tengah wengi mlaku sesidheman mblasak liwat kebon, nyangking jligen isi bensin tumuju Pasar Klentheng. Sawise dirasa aman, Suta gage tumindak. Cagak kayu kios pasar dirgrujug bensin siji mbaka siji. Sawise rata banjur disulut geni. Wukkk! Geni murup ngelagat kayu saka.

Suta nggendring mlayu sipat kuping bali mblasak liwat kebon. Tekan ngomah, keprungu swara jago kluruk bola-bali, kahanan isih repet-repet. Dheweke alon-alon nggilethak ing linck teras omah supaya Jilah kang biyasa tangi mruput ora cubriya.

"Suta...Suta...tangi...tangi!" Suta njenggit ketagé nalika awake dihoyag-hoyag digugah. Kahanan wus padhang jingglang. Ing kono rame tangga teparo.

"Wonten napa niki?" pitakone Suta bingung.

"Yu Jilah..."

"Jilah, kenging menapa?"

"Yu Jilah diplayokake menyang Rumah Sakit. Dheweke mau kaget dakkandhani meawa Pasar Klentheng ludhes kobongan," wangslane Mbok Milah tangga ngarepane Suta.

Suta ndumuk bathuk. Dheweke lagi kelingan menawa sishane iku duwe lara jantung. "Jilaaaaah..."

(Kahyangan, Februari 2021)

## MACAPATAN

Mbah Gono

INDONESIA KINGKIN  
(Dhandhanggula)

1. Indonesia titi mangsa iki

Lara lapa kataman rubeda

Warna-warna prastawane

Korupsu durung rampung

Pirus Korona andhatengi

Lelara tan kasat mata

Angel jampinipun

Sampun kathah kawula lit kang ngemasi

Tinular pirus Korona

2. Banjur bandhang longsor amimbuchi

Gunung njeblog lindhoo king segara

Dadya komplit bebendune

Kawula alit keh bingung

Pindha gabah den interi

Sigra cancut taliwanda

Pamarentahipun

Arsa aparing usada

Mring kawula sayekti nandhang rudatin

Ketaman lara roga

3. Adhuh Gusti Kang Murbeng Dumadi